



Pou Piblikasyon Imedya: 23/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV POU AMELYORE AKSÈ NAN BENEFIS ALIMANTÈ POU FANM, TIBEBE AK TIMOUN**

*Fidbak nou resevwa atravè fonksyon chat sou entènèt an dirèk, entèvyou ak sondaj yo pral itilize pou amelyore eksperyans Nouyòkè yo avèk pwogram WIC la*

*Gouvènè a mete an aplikasyon [Inisyativ Eta Leta a](#) pou fè eksperyans kliyan ak patisipasyon nan benefis yo tounen yon priyorite Eta a; Amelyore livrezon benefis WIC yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo inisyativ fidbak kliyan ki pral amelyore konpreyansyon yo sou defi Nouyòkè yo rankontre lè y ap enskri nan Pwogram Nitrisyon Sipleman tè pou Fanm, Tibebe, ak Timoun, ke yo rele tou WIC. Anonse nan kad [diskou sou Eta Leta 2023](#) Gouvènè Hochul la, Depatman Sante Eta New York pral fè patenarya ak [Code for America](#) pou pilote yon pwogram chat sou entènèt an dirèk ki pral ede ajans lan rasanble fidbak kliyan yo pou amelyore pwogram ak enskripsyon nan WIC nan tout eta a.

"Malgre li se yon resous enpòtan pou fanmi ki gen difikilte yo, pa gen ase Nouyòkè ki elijib pou benefis manje sa yo oswa fanmi ki deja enskri nan pwogram nan ki itilize pwogram WIC la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ sa a pral ede nou idantifye fason pou elimine konplikasyon biwokrasi yo, senplifye pwosesis enskripsyon yo epi aplike nouvo teknoloji pou fanmi ki gen difikilte yo gen pi bon aksè a manje ki an sante ak nourisan".

Nan kòmansman, Code for America pral ede aplike yon fonksyon chat sou entènèt an dirèk pou ranplase wobo chat otomatik Depatman Sante ki parèt sou [paj WIC](#) ajans lan, ki pral konekte moun ak yon anplwaye WIC pou entèraksyon an dirèk. Entèraksyon an dirèk se yon fason efikas pou gide aplikan yo atravè pwosesis la ak moun ki enskri yo pou yo sèvi ak benefis yo, pandan y ap bay yon sous fidbak presye ki ka asosye ak entèvyou kliyan yo ak lòt metòd rechèch kalitatif ak kantitatif pou pi byen konprann defi ki genyen nan enskripsyon ak itilizasyon WIC.

Pandan yon dezyèm faz nan pwojè a, Depatman Sante a pral travay avèk Code for America pou aplike amelyorasyon nan pwogram WIC la ki baze sou fidbak yo rasanble. Patenarya a pral pèmèt ajans lan detèmine kisa ki anpeche fanmi ki kalifye yo patisipe

epi pwofite avantaj konplè pwogram nan epi itilize enfòmasyon sa yo pou amelyore livrezon sèvis WIC yo.

**Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare,** "Lè nou rasanble opinyon fanmi k ap patisipe nan pwogram WIC la, nou ka amelyore eksperyans kliyan an epi rann li pi fasil pou fanmi New York yo jwenn aksè nan manje nourisan ki nesèsè pou kwasans ak devlopman an sante timoun yo. Lè nou kolabore ak Code for America pou teste chat an dirèk ak lòt teknik pou rasanble opinyon, nou ka chèche fason pou ede ogmante patisipasyon epi fè pwogram nan pi fasil pou moun ki depann de WIC".

Pwogram WIC la bay eta a finansman federal pou manje siplemantè, referans swen sante, ak edikasyon sou nitrisyon pou fanm apre akouchman ki bay tete ak ki pa bay tete ki pa gen anpil revni; ak tibebe ak timoun jiska 5 ane ki gen risk nitrisyonèl. Depatman Sante te pami kat ajans yo te chwazi pou patisipe nan dezyèm gwoup Safety Net Innovation Lab Code for America, ki vize pou fè pwogram benefis piblik eta a administre yo vin pi ekkitab ak aksesib.

Nan tout peyi a, apeprè mwatye fanmi ki elijib pou WIC patisipe nan pwogram nan epi sila yo ki enskri nan pwogram nan pa itilize benefis alimantè yo regilyèman. Done Sèvis Manje ak Nitrisyon Depatman Agrikilti Etazini an te konpile ane sa a te jwenn apeprè [706,000 Nouyòkè te elijib pou WIC an 2020](#), men sèlman 363,000 te patisipe nan pwogram nan.

Ensekirite alimantè te toujou asosye ak move rezilta sante timoun yo, ki gen ladan pi move eta sante jeneral, pwoblèm sante grav ak kwonik, ak aksè limite nan swen sante. Patipasyon nan WIC te asosye ak nesans ki pi an sante, amelyorasyon pwa nan nesans, rediksyon risk mòtalite tibebe, pi bon pratik manje pou tibebe, rejim ki pi nourisan, pi bon aksè a swen sante prensipal ak prevantif, ak amelyorasyon nan devlopman mantal timoun yo, pami lòt rezilta sante pozitif yo.

Inisyativ ak Code for America fè pati plan Gouvènè Hochul pou fè gouvènman an travay pi byen pou Nouyòkè yo nan transfòme fason yo gen aksè a sèvis ak benefis yo. Eta a ap mete anplas amelyorasyon teknolojik ki enpòtan pou diminye konplikasyon biwokrasi yo epi amelyore aksè, redui tan datant apèl yo; itilize teknoloji siyati elektwonik; lanse 'one ID' pou amelyore fason rezidan yo entèraji ak kèk ajans Eta anliy; epi modènize sitwèb ajans Eta a yo ak aplikasyon pou amelyore eksperyans itilizatè a.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Code for America, Amanda Renteria, te deklare,** "Code for America travay nan tèt kole avèk patnè gouvènman yo ak òganizasyon kominotè yo nan objektif pou kreye yon rezo sekirite ki santre sou moun. Atravè Safety Net Innovation Lab, gouvènman eta yo ap pran gwo mezi nan direksyon chanjman sistemik nan fason moun yo resevwa benefis tankou asistans manje, swen sante ak lòt bezwen debaz".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418